



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 6/3/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO, LIDÈ MAJORITE FLANAGAN AK PREZIDAN HEASTIE
RESEVWA RÈGLEMAN BIZNIS KI SOTI NAN KONSÈY RÈGLEMAN BIZNIS**

Yo te soumèt 26 rekòmandasyon pou plis amelyore klima biznis Eta New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Lidè Majorite Sena a, John Flanagan, ak Prezidan Asanble a Carl Heastie jodia te resevwa 26 rekòmandasyon ki soti nan men Konsèy sou règleman biznis lan. Konsèy la te soumèt rekòmandasyon yo sou fason pou diminye depans pou fè biznis nan Eta New York san li pa konpwomèt pwoteksyon pou travayè yo. Konsèy la te rive nan rekòmandasyon l apre ke li te fin fè yon revizyon sou klima biznis eta, sa ki gen ladan mande kòmantè biznis yo ansanm avèk entèvenan endividyèl yo.

“Apati pou diminye taks pou kenbe depans, nou te fè gwo pwogrè pou amelyore klima biznis sa nan eta e jodia nap kontinye chita sou efò nou yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen remèsye manm yo pou angajman yo nan ede nou jwenn plis fason pou kenbe Eta New York pi ouvè pou biznis e mwen pa ka tann pou m revize rekòmandasyon sa yo.”

Chaje avèk yon revizyon konplè sou klima biznis eta, sèt manm yo nan Konsèy la te rankontre chak semèn depi fòmasyon l pou diskite sou yon varyete kesyon. Pami kesyon yo ke Konsèy la te etidye asirans chomaj, konpansasyon travayè, asirans andikap tanporè, enèji, taks ansanm avèk lòt depans ki gen rapò avèk biznis.

Konsèy la te gwoupe 26 rekòmandasyon an eleman ke yo ka adrese akoutèm ansanm avèk sa yo ke yo kapab arese alontèm. Anplis, Konsèy la te idantifye 11 lòt rekòmandasyon ki mande plis diskisyon ak analiz.

Ou ka wè rekòmandasyon yo [la](#).

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Lidè Majorite Sena a, John Flanagan, ak Prezidan Asanble a Carl Heastie jodia remèsye Konsèy Biznis Rejyonal la pou efò yo.

Lidè Majorite Sena John J. Flanagan te deklare: “Mwen akeyi rekòmandasyon yo ke Konsèy Règleman Biznis Eta te avanse, yon seri refòm ki fèt pou fasilite fado règleman ki rann li difisil pou biznis yo kreye travay, devlope ak pwospere nan New York. Pwopozisyon sa yo pral chita sou travay ke konferans Repibliken Sena nou an te fè pou

koupe taks, redwi depans enèji ak retire obstak pou kwasans ekonomik, e yo nesèsè pou kreye opòtinite reyèl pou travayè yo kidonk yo ka viv ak elve fanmi yo isit la. Si nou reyèlman vle fè eta sa ale delavan, aksyon sou rekòmandasyon sa yo ta dwe yon gwo priyoriite anvan sesyon an fini nan fen mwa sa. Anplis, nou pral kontinye fè yon dyalòg sou rekòmandasyon yo ki destine pou aksyon nan lavni. Mwen remèsye manm panèl yo pou travay enpòtan yo.”

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare: “Nou rekonesan pou efò kolaboratif Konsèy Règleman Biznis lan e mwen pa ka tann pou revize rekòmandasyon yo epi jwenn fason pou sipòte Nouyòkè yo ansanm avèk fanmi yo. Asanble a rete angaje pou asire ke New York kontinye pou l yon lidè pwogresif nan elabore lwa ki chita sou pwogrè nou te fè ane sa enkli konje fanmi peye ak yon salè minimòm ki pi elve.”

Men non moun ki fè pati nan Konsèy Règleman Biznis la:

Men moun ke Gouvènè Cuomo nome:

- Mario Cilento, Prezidan New York State AFL-CIO
- Ted Potrikus, Prezidan ak PDG, Konsèy Lavant Andetay Eta New York
- Kathryn Wylde, Prezidan ak PDG Patenarya pou Vil New York

Men moun ke Lidè Majorite Sena Flanagan nome:

- Heather Briccetti, Prezidan ak PDG Konsèy Biznis Eta New York, Inc.
- Dean Norton, Prezidan Biwo Fèm New York

Men non moun ke Prezidan Asanble a Heastie nome:

- Gary LaBarbera, Prezidan Bilding ak Konstriksyon Konsèy Trades of Greater New York
- Robert Grey - Prezidan, Alyans Konpansasyon Travayè New York

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418